


# ОТКРЫТЫЙ УРОК ПО РОДНОМУ (аварскому) ЯЗЫКУ НА ТЕМУ: «ХІАЛ»

Учитель родного языка и литературы
МКОУ «Кизлярская гимназия №1»
**Хадисова Заграъ Муртазалиевна**

г.Кизляр 2022 г.

# Дарсил мурадал ва масъалаби.

Лъай кьеялъул.

Предложениялъул членазул хIакъалъулъ малъараб материал такрар гьаби.

ЦIарулаб составияб сказуемоялъе баян кьезе.

Лъай цIебетIезабиялъул.

ЦIарулаб составияб сказуемое предложениязулъ батизе лъай.

Хъвавул калам цебетIезаби.

Тарбия кьеялъул.

Авар мацIалде рокьи бижизаби.Цоцаздехун адаб- хIурмат гьабизе куцай.

# РагӀабазул диктант.

Квен-тӀех, бакъдебусс, цӀоросаролъ, цебебухь, азбар-къоно, КьилимегӀер, маххул каву, кетуруз, хоноборохь.

(Хъван лъугӀидал,цоцазул гъалатӀал ритӀизаризе риччала).

# Гьал предложениял членазде риххе.

1. Эбелалъ дие цIияб гурде босана.
2. Къурбанида гьесул квер бихьичIо.
3. Гьес СагIидие кумек гьабуна.

# Малъараб материал такрар гьаби.

- Авар мацIалда чан бетIераб член бугеб?
- БетIераб гуреб чан бугеб?
- Подлежащее авар мацIалда чан падежалда букIунеб?
- БитIараб дополнение чан падежалда букIунеб?
- Хъвалсараб дополнение чан падежалда букIунеб?
- Составияб сказуемое чан батIияб букIунеб?
- Подлежащеелъун кинал каламалъул бутIаби ккун рукIунел?

# Цlияб тема:

# «ХIАЛ»

# Щияб тема малъилалде такрар гьарила наречиялъул разрядал.

## Наречиялъул чан разряд бугеб?

(Ишалъул куцалъул, заманалъул, бакIалъул, къадаралъул, гIилла-мурадалъул.)

Гьелдаса хадуб дарсиде байбихьила доскаялда хъварал предложениязул разборалдасан.Разборалъе хъварал предложениязулъ руго хIалалъул аслиял группаби.

1. Жакъа накIкIал рикIкIаде гочунел руго.
2. Москваялдаса дир вацас дие тIахьал ритIун рачIана.
3. МахIачхъалаялда республикаялъул край лъазабиялъул музей буго.
4. Жакъа нуж талихI бугеб гIумруялда дандечIван руго.
5. ГIусман дарсиде хехго вачIана
6. КватIидал дун собраниялде инчIо.

**Гочунел руго-кире?-рикIкIаде;**

**ритIун рачIана-киса?-Москваялдаса;**

**буго-киб?-МахIачхъалаялда;**

**дандечIван руго-кида?-жакъа;**

**вачIана-кин?-хехго;**

**инчIо-щай?-кватIидал.**

Нужеца (Кин?) ургъун рагIи бице.

(Кида?) Жакъа хинаб къо буго.

(Киб?) МагIарда гIи буго.

МухIамад (Киве?) Болъихъе ана.

Нижехъе (Киса?) рикIкIадаса гьобол вачIун вуго.

(Щай?) КватIидал дун жаниве вачIинчIо.

**ХIал ккола предложениялъул бетераб гуреб член, гьеб кин? Киб? Кибе? киса(н)? Щай? сундуе голо? Абурал суалазе жаваблъун бачуна, гьелъ бихьизабула иш лъугьараб куц бак заман гIила мурад.**

# Физминутка.

**РекIелгъеялъул грамматика.**

**РагIул тIанчIи рахъи.**

**Гъалдибер-гъал, лагъ, бер……**

# Гьаб кици цIале ва гьелъул магIна бице.

Нилъеца цIали лъабго къоялъ тани,

цIалиялъ нилъ лъабго моцIалъ тола.

(Гьаб кици цIале ва гьелъул магIна бице.)



# ТIехьалдаса хIалтIи.
# ХIалтIи 86.

# Дарсил хIасил гьаби.

ХIал чан батIияб букIунеб ?

Кинал суалазе жаваблъун бачIунеб ?

ХIаллъун кинал каламалъул бутIаби ккун рукIунел?



# Рокъобе хIалтIи.

ГЬал рагIаби хIаллъунги ккезарун,  предложениял ургъе (гьанже, кIанцIелаго, магIарда, тира-сверизе.)